

Kanabis nan NYC: Konsomasyon Kanabis la San Danje

Li legal pou granmoun yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York (New York State, NYS).



3 ons



24 g

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa genyen ak bay (men pa vann) jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre tankou luil oswa sigarèt elektwonik.



Zòn pou Fimen

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan nan pifò kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, sa gen ladan adrès dispansè yo, ale sou cannabis.ny.gov/medical-cannabis.



Se nan dispansè ki gen pèmi NYS sèlman yo gen dwa vann kanabis. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, sa gen ladan adrès dispansè yo, ale sou cannabis.ny.gov/adult-use.

Si ou konsome kanabis, men kèk bagay ou ta dwe konnen.

Evite pran twòp kanabis twò rapid — kòmanse avèk yon ti kantite epi ale dousman.

- Ou ap jwenn diferan nivo Tetrayidwokanabinòl (Tetrahydrocannabinol, THC) nan diferan fòm kanabis. Li se sibstans sikoaktif ki fè ou santi w ap plane a. Li kapab fè efè yo vin pi fò, pi rapid, oswa toulède.
- Gen kèk fòm kanabis ki kapab pran tan pou fè efè. Pa egzanp, li kapab pran jiska kat (4) èdtan pou santi tout efè dwòg manjab yo (manje yo tranpe nan kanabis).
- Kòmanse avèk yon ti kantite. Rete tann jiskaske ou santi efè yo anvan ou pran plis.



Evite melanje kanabis la avèk lòt dwòg, sa gen ladan alkòl.

- Lè w melanje kanabis avèk alkòl oswa lòt dwòg sa kapab gen efè nou pa ka prevwa.
- Si w ap pran medikaman ki sou òdonans, mande pwofesyonèl medikal ou a ki konsekans konsomasyon kanabis la ka gen sou ou.

- Evite fimen kanabis ki woule oswa melanje avèk tabak. Lafimen tabak la danje pou ou ak moun ki nan alantou w.

Evite konsome kanabis anvan w al kondui oswa pandan w ap kondui.

- Li danje ak ilegal pou w ap kondui pandan ou anba enfliyans kèlkeswa sibstans la oswa pou w gen sans ou ki febli poutèt sibstans, sa gen ladan kanabis.
- Lwa nan NYS entèdi pou kèlkeswa moun nan konsome kanabis nan yon veyikil a motè, sa gen ladan pasaje yo.
- Si w ap kondui pandan sans ou febli, ou gen plis risk lontan pou fè tèt ou ak lòt moun mal.



Byen sere kanabis la yon kote ki pa sou je epi yon kote timoun ak jèn moun p ap ka pran l.



- Ranje kanabis la nan yon bifèt oswa nan yon vesò ki fèmen. Sonje gen plizyè aliman manjab ki fèt ak kanabis ki sanble ak sirèt oswa lòt manje ak bwason ki nòmal.



Si gen yon timoun ki manje oswa bwè kanabis oswa pwodui ki gen kanabis ladan yo, rele **NYC Poison Center (Sant Kontwòl Pwazon NYC an) nan 212-764-7667.**

- NYC Poison Center a ofri èd gratis ak konfidansyèl, 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou jèn moun ak granmoun, sa gen ladan sou kesyon sou efè segondè kanabis.

Sonje pwodui ki gen kanabis epi ki pa règlemente yo pa fèt avèk kontwòl kalite oswa sekirite nòmal yo.

- Sa vle di nou pa kapab prevwa efè pwodui ki gen kanabis sa yo.
- Evite itilize pwodui pou rale vapè ki fèt avèk kanabis toutotan yo pa gen règleman pou pwoteksyon sou yo (tankou règleman nan NYS ki la pou pwoteje w kont efè endezirab yo).
 - Kounye a, gen yon risk pou sibi donmaj nan poumon ki mache avèk itilizasyon sigarèt elektwonik oswa pwodui pou rale vapè (e-cigarette or vaping product use-associated lung injury, EVALI), lè yon moun rale vapè kanabis. Pou jwenn plis enfòmasyon sou EVALI, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "**e-cigarettes**" (sigarèt elektwonik).



Evite fimen oswa rale vapè kanabis bò kote lòt moun ki p ap ni fimen ni rale vapè.

- Nou pa konnen risk ki genyen lè yon moun rale lafimen ak ayewosòl vapè kanabis yon lòt moun. Menm jan ak lafimen sigarèt, lafimen kanabis la gen goudwon ak pwodui chimik ki ka bay kansè. Ayewosòl kanabis la kapab gen pwodui chimik ki danje tou.
- Fè atansyon ak moun ki bò kote w yo. Kenbe lafimen an lwen lòt moun.



Si ou gen mwens pase laj 25 lane, ou dwe konnen kanabis la ogmante risk yo pou sante w. Lè ou konsome li pi ta sa diminye risk sa yo.

- Kanabis la kapab gen gwo efè sou jèn moun ki gen sèvo yo ki pokò fin devlope. Efè negatif yo kapab gen ladan yo difikilte pou reflechi, pou aprann, ak pou rezoud pwoblèm; yon move memwa oswa pwoblèm pou konsantre; epi mwens kowòdinasyon nan kò a.
- Lè ou kòmanse konsome kanabis pandan ou pi jèn oswa lè w itilize l souvan li kapab bay reyakson foli ki parèt pi bonè, sitou lakay moun ki deja gen risk yo.
- Pou w kapab jwenn sipò pou sante mantal gratis ak konfidansyèl 24 sou 24 ak 7 jou 7, ale sou **nyc.gov/nycwell**, voye yon mesaj pa tèks ki di WELL bay 65173, oswa rele 888-692-9355.



Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/health/cannabis**.